# ГЪУДУЛЛЪИ

**ЦIияб сонгун, гъудулзаби!**




## Районалъул бетIер М. ПатхIулаевасул Барки!



ГIадат хIисабалда араб соналъулгун къо-мех лъикI гьабулаго, щивав чияс хIисаб гьабула, гьеб цебесеб соналде дандеккун кинаб букIарабали, батIаго хIисабалде росула гIадамазул социалияб гIумруялъулъ ккарал хиса-басиял.

Гьединаб роценалда къимат кьунани, 2015 соналдаса нилъ разилъизе ккола.

ГIезегIанго цебетIей ккана социалиябгун экономикияб ва культурияб гIумруялъулъ. ГIемерал гIадамазул рукъзабахъ бакана газ. Гьелъ гIемерго бигьалъана гIадамазул рукIа-рахъин.

Жидерго бергьенлъабаздасан районалъул гIадамал рохизаруна нилъер спортсменаз.

ХIурматиял районцоял, районалда ругел аскариял, ракI-ракIалъ баркула нужер щивасда ЦIияб 2016 сон. Гьарула нужее щулияб сахлъиги, талихIаб, гIаданлъигун намус рехичIеб, рохалилаб гIумруги, лъикIал ишазулъ битIккейги!



## Халкъияв депутат М. Ибрагьимовасул Барки!



Гьале ана иргадулаб сон, тIаде щвана ЦIияб 2016 сон.

Кинабха букIараб нилъее араб лъагIел?

ГIаммаб къагIидаялда босани, гьеб квешаб букIинчIо Дагъистаналъеги нилъер районалъеги.

Араб сон нилъер районалъе букIана баракатаблъун ва нилъеца Аллагьасе щукру гьабизе кколеблъун. Гьеб букIана чIахIиял къварилъи-балагьаздасан цIунараблъун, гIадамазул магIишат-яшав лъикIлъараблъун, экономикиябгун социалияб ва культурияб рахъ цебетIураблъун.

Диеги квешаб букIинчIо араб сон.

Аслияб куцалда кIвана хIисабалде росун рукIарал ишал гIумруялде рахъинаризе, избирателазе, дирго районцоязе кIвараб кумек гьабизе.

Бокьун буго ракI-ракIалъ баркизе районалъул тIолабго халкъалда ЦIияб сон, гьаризе щивасе щулияб сахлъи, даимаб рохел ва ракълилаб гIумру.

## АЛЛАГЬАСГО МУГIАЛИМЛЪУН ЙИЖАРАЙ ГIАДАН

Классалде жанире ниж льугьарабго, цIалдохъабаз, кIутIун тIадеги рахъун, цадахъ салам кьуна нижее.

Хадуб учительницаялъ, гIодор чIайилан, квералъ ишан гьабуна гьезде.

Ахирисеб партаялда гIодор кIусана ниж…

Киназго еццулей, щибаб ункъ-ункъ сонидаса умумуз лъимал жиндихъе ккезаризе хIаракат бахъулей, Болъихъ №I гьоркьохъеб школалъул байбихьул классазул учительница Хадижат ТIалхIатовна Дибировалъул дарсиде машгъуллъун, лъикIалан заман бана нижеца гьеб къоялъ. …

Ва расниги рекIекълъичIо ниж гьениб бараб заманалдасаги,дарсидасаги,цIалдохъабаздасаги.



### Лъимерлъи паркъана параялъ цебе…

**У Лукоморя дуб зеленый,**

**Златая цепь на дубе том,**

- илан кочIол мухъалги рикIкIун, йикIаралъуйго лъалхъун хутIана учительница.

-Бихьулищха, льимал, кочIол хадусел куплетал дир рекIелъан рикъун ана. Дие кумек гьабизе кIолес квер борхеха, - йилан хIеренго гьимана гьей.

Эхеде рорхарал кверазул битIахъе гохI гIуна.

Лъилниги ракI хвезабичIого, иргадал рахъине гьаруна Хадижатица цIалдохъаби кечI цIализе.

Щивасул хIаракатаб гIахьаллъигун кечI ахиралде щведал, хIалчIахъаги киназулгойилан абуна гьелъ рази-ракиго.

(Ахир 3-гьум.)

НИЖЕР ЦIИЯБ СОНАЛЪУЛАБ ИНТЕРВЬЮ

# МУРАД-РАЙОНАЛЪУЛ МЕДИЦИНА САХ ГЬАБИ

***Араб соналда, кигIанго бехьерхъун букIаниги, районалъул социалияб гIумруялъулъ кIвар бугеб лъугьа-бахъинлъун букIана районалъул гIадамазул сахлъи цIуниялъулаб идараялъе цIияб нухмалъи бачIинги. Районалъул бичIчIи бугел гIемерал гIадамалго гIадин дунги божарав вуго гьелъул нухмалъулев хиси, «добго хурив-довго Муса» абиялда релълъараб жо букIине гьечIолъиялда. Гьелъие кьучIлъунги ккола, районалъул сахлъи цIуниялъул бетIерав тохтурлъи божизабун букIин анцI-анцI соназ районалъул гIадамазе ракIбацIцIадго медициналъулаб хъулухъ гьабулевги вугев, гьенибги ва цогидалъуби жиндир-го рухIиябгун нравственнияб борхалъи цIунулев, гIадамазул унтабаздасан ва хIажалъабаздасан хьолбохъанги унарев чиясда. Гьевги ккола Шагьрудинов МухIамадкамиль. Гьесулгун букIана нижер мухбирасул цIияб соналъулаб интервью.***



***-МухIамадкамиль, баркула дуда, цойги нухалъ гьеб хIурматияб ва гьелдаго цадахъ цIикIкIун жавабчилъиги ва тIалабчилъиги хIажалъулеб хъулухъ. Бальголъи батичIони бокьилаан, районалъул газета цIалулезеги цогидазеги бицине, сундасан дуца байбихьизе бугеб районалъул медицина сах гьабиялъул иш?***

-ТIоцебесеб иргаялда, больницаялъул ва поликлиникаялъул щивав тохтургун ва цогидавги медхIалтIухъангун гьабизе буго индивидуалияб дандчIвай, гара-чIвари. БичIчIинабизе буго кинаб хIалтIи гьесдасан хIажат бугеб районалъул гIадамазе гьабулеб медициналъулаб хъулухъалъул качество лъикIлъизабиялъе, ай гьеб жакъасеб тIалабазе жаваб кьоледухъ гIуцIиялъе.

Нилъер умумузул аби буго: «ГIадлу бугелъуб бергьенлъабиги рукIунин». Гьелъ бихьизабула щивасул хIакъикъияб гьумер. Гьединлъидал дидасанго байбихьун щивасдасан, кIудияв-гьитIинав, батIалъи гьечIого, тIалаб гьабизе буго гIадлу-хIалтIуде вачIиналъул ва гьенив вукIиналъул гуребги унтарал къабул гьариялъулги ва гьезие букIине кколеб къагIидаялда кумек гьабиялъулги рахъалъ. Божарав буго гьеб рахъалъ кIудияб хIалтIиго гьабизе ккеларин. Узухъда, гьеб заманаялъ бихьизабила. Гьеб рахъалъ лъиего тIокIлъи букIине гьечIо. Гьеб букIине бегьула гIицIго, жинда-жинда тIадаб борч ракIбацIцIадго тIубазабиялъе. ТIоцебесеб масъалалъун дица рикIкIуна больница медтехникаялдалъун, хасго диагностикияб техникаялдалъун хьезаби, реабилитационнияб центр гIуцIи. Гьелъие мина бан буго, амма гьеб хIалтIизе кьеялъе гIемераб хIалтIи ва къеркьей гьабизе ккезе буго.

Районалъул медицинаялъул,хасгьабун абуни больницаялъулги поликлиникаялъулги хIалтIи гIуцIизе буго: профилактика, диагностика, лечение ва реабилитация абураб принципалда. Гьеле, гьеб ккола жакъа пачалихъалъ медициналда цебе лъураб, кIвар бугеб масъалалъун. Гьелъие хIажалъулел бюджеталъулал харжалги рихьизарун руго.

Гьединаб къагIида билълъанхъизабизе байбихьун буго нилъер республикаялдаги. Республикаялъул реабилитационниял учрежденияздe хIажатал чагIи ритIизе байбихьун буго районалъул больницаялъги.

Гьанибго абизин, тохтурзабазулгун тIолалго медхIалтIухъабазул захIматалъулаб хIаракатчилъиги, гьелъул хIасилги ва качествоги борхизабиялъе ва гьелъие гIоло жавабчилъи букIинабиялъеги хIалтIизабизе буго хIалтIул роценалдеги, качествоялдеги ва хIасилаздеги балагьун тIадеги мухь ва премия кьолеб къагIида.

Медициналъулаб хъулухъ лъикIлъизаби мурадалда, 2016 соналъул январалдасан байбихьун цо-цо службабазул ва участковиял тохтурзабазул хIалтIул къагIидаби, хасго унтарал къабул гьари, рукъоре вызовалъе ва обходалъе ин, правовияб полеялде рачине руго республикаялъул цогидал районаздаги ва шагьараздаги гIадинан.

Районалъул гIадамазе сахлъи цIуни ва гьезие гьабулеб медициналъул хъулухъалъул качество борхизабиялде балагьараб модернизация гьабизе буго жанисел шартIал ва материалиябгун техническияб гIуцIиялъулъ ва батIаго, тIолалго тохтурзабазулгун медсестрабазул хьвада-чIвадиялъеги. Ва божарав вуго гьениб нижер коллективалъги ракIбацIцIадаб гIахьаллъи гьабизе букIиналда.

***-МухIамадкамиль, редакциялъул коллективалъул рахъалдасан дуда ва мун гьоркьов ккун тIолабго коллективалда баркула ЦIияб 2016 сон!***

***Биччанте, гьеб букIине нужееги районалъул тIолгоязеги талихIаблъун, ракълилаблъун, ва лъикIал мурадазде щолеблъун!***

-Баркала. Гьебго барки ва гьари нужееги.

**Ш. ЛАБАЗАНОВ.**





# АЛЛАГЬАСГО МУГIАЛИМЛЪУН ЙИЖАРАЙ ГIАДАН



(Авал 1-гъум.)

Хадуб гьикъана цо нухалъ кечI лъица цIаларабилан.
Киназго кверал рорхана.
ЩуцIул лъицайилан гьикъана гьелъ..
Нахъеги киназго рорхана кверал.
АнцIцIул цIаларав чи вугищ нужеда гьоркьовилан гьимана учительница.
2I- ясда гьоркьоса 9 цIалдохъанас квер эхеде борхана.
Хадуб байбихьана цIияб дарсиде.
-Жакъасеб дарсил тема азбука буго,- ян абуна учительницаялъ.- Бицен гьабила, васазе цIакъ рокьулел ва лъалел, машинабазул хIакъалъулъ. Скораяпомощь,Пожарная, Молоковоз,Милициялъул машина…
Хадуб гьелъ тIахьидаса суртал рихьизаруна.
-Гьаб щибали лъалищ, лъимал?
-Молоковоз!-илан хоралъ ахIдана лъимал.
-БитIарабха!- йилан разилъана учительница. -ХIакъикъаталдаги гьаб буго рахь баччулеб машина .
Рахьги буго нилъер черхалъе бищунго пайдаял нигIматазул цояб…
Цинги, цо васасдеги юссун:
-Камил, дида лъала дуе рахь гьедигIан бокьулареблъи, амма цо-цо гьекъезе ккола гьеб,-илан хIеренго малъа-хъвай гьабуна.
Камилица разиго бетIер гьанкIана.
-Гьаб щиб машина?
-Гьеб буго Скорая помощь!
-Сундуе къваригIунеб гьаб?
-Унтарав чи хекко больницаялде щвезавизе,-ян ахIдана цIалдохъаби.
-Рада- радал зарядка лъица гьабулеб?- илан циндаго тема хисизабуна учительницаялъ.
Нахъеги разиял гьитIичазул кверазул гохI гIуна.
-Батани, гьанже нилъецаги гьабилаха килщазе гьитIинабго зарядка,свак чучизе.
Цебегоялдаса нахъе бихьун букIинчIо гьединаб чIагояб, ракIгъураб, щивав цIалдохъанасул рекIелъе нух бахъулеб дарсги, гIумруялъего тIаса бищараб махщалида жаниб тIолабго жанги жиндирго рухIги льолей учительницаги.
Дида ракIалде щвана рик1к1адаб лъимерлъиги, некIого лъугIараб школаги,рухIгIан хирияй тIоцеесей мугIалим Лариса ХIусеновнаги.
Ниж цIакъ бокьичIого, рехсараб классалда ракIалги тун, нахъе рилълъана…

**Бокьун букIана тохтурлъи, яхъана…педагоглъун**

Хадижатил эмен ТIалхIат Дибиров махщалил рахьалъ вуго ветеринар, ай боцIул тохтур. Гьес лъугIизабуна Дагъистаналъул росдал магIишаталъул институт .
Мунагьал чураяй эбел ГIайшат йикIана районалдаго лъалей ретIел букъулей гIадан.
Жиндирго тIолабго гIумруялъ ракIбацIцIадго КБОялда хIалтIана гьей
-ГьитIинаб къоялдасаго гIибоцIуде ругьунлъана дун. Щибаб эркенаб минут гьезие хъулухъалда биччалаан,нагагь хIайван унтани,гьеб сах гьабизе, бездизе жуялаан. Мадугьалзабазцин ахIулаан дун жидерго боцIуде балагьизе, -йилан гьираялда, цо гIажаибаб урхьи-рокьигун бицунеб букIана дие Хадижатица.



-Гьединлъидал бокьун букIана яги ветеринарияб, яги медициналъулаб махщел тIаса бищизе. Амма яхъана… педагоглъун….
***-Дуца,районалдаго лъалей лъикIай юкъарухъаналъул ясалъ, гьеб руччабазда рекъон кколеб къадруяб махщел щайха тIаса бищичIеб ?-илан суал кьуна дица Хадижат Дибировалъе.- Яги, цIикIкIарасел ясазего гIадин, дада хирияв вукIиналъищ тохтурлъиялде гьетIи цIикIкараб?***
-Гуро. Юкъари дир цоги яцаздаги лъалеб, кIолеб хIалтIи букIана нижер рокьоб. Амма,абухъего, боцIулгун мацI батизе цогидазе бигьаяб букIинчIо. Дун йикIана гьелъие йижарай гIадинай гIадан. Эменги кIудадаги боцIул тохтурзаби рукIиналъул асарги букIинарищха гьениб…-илан гьимана гьей.
Амма ясалъул анищ тIубазе хъван букIун гьечIо.
Щкола лъугIараб соналъ мединститталде документал кьезе кватIана Хадижат.
ТIасияб соналъул байбихьуда ккана ракIалдаго гьечIеб кIудияб къварилъи, кутакалда бакIаб ками. Щуго лъимерги нахъа тун, абадияб рокъое ана хирияй эбел. Хъах1аб халаталъул бакIалда ясалъ чIегIерретIел ретIизе ккана.
Рукъалъул тIолабго хIалтIи бегана, хъизаналда гьоркьой бищунго кIудияй, Хадижатил кIигъуждузде.
БухIараб хвалил кьогIлъиги дагъабго гIодобе буссараб, рекIелъ сабру -иманги щулалъараб мехалда, Хадижат Дибировалъ документал кьуна Дагъпедуниверситеталъул байбихьул классазул факультеталде, заочно. Гьебго соналъ лаборанткалъун гIагараб школалде хIалтIизеги лъугьана гьей.
2008 соналдаса нахъе хIалтIулей йиго байбихьул классазул учительницалъун.
***-Кинаб батIалъи бугеб байбихьул классазул учителасдаги тIасиял классазул учителасдаги гьоркьоб?-илан гьикъана дица Хадижат Дибировалда.***
-ГьитIичазулгун бигьаяб буго,-ян дун гIажаиблъизавураб жаваб кьуна гьелъ.
-Жидеда жеги щибниги лъаларел, бичIчIуларел, кинабго жо байбихьудаса лъазабизе кколел ругониги, гьитIичал рукIуна иццул лъимгIанги рацIцIадал ракIазул, рорцIцIарал пикрабазул чагIи. Гьединлъидал бигьаяб букIуна гьезул лъикIлъиялъул, гIаданлъиялъул, адабалъул мугьал тIирщизаризе.
ЦохIо дарсиде гурони щвечIониги, нижеда якьинго загьирлъана учительницаялъ жиндирго гьитIинал «тIанчIазулъ» гьанжеялде лъикIаланго мугьал тIирщизарун ругебльи. -ТIоцересел соназ бигьаго букIинчIо диеги, -йилан ракIалде щвезабуна Хадижат Дибировалъ.-БукIинчIо хIалбихьи, педагогияб лъай, дирго дидаго ракIчIей. Амма дие бажарараб кумекги квербакъиги гьабуна дирго вукIарав тIоцевесев учитель, гIажаибго лъикIав инсан ва хIалбихьи бугев педагог, гьанже нилъеда гьоркьов гьечIев, Юсуп Исахановичас, тIолабго гIумру Болъихъ №I гьоркьохъеб школалъеги нилъер ракьоязеги кьурай ва гIемерал соназ школалъул директорлъун хIалтIарай, жиндир мунагьал чураяй Асият Мирзоевналъ, математик Халид Хадисовичас ва гIемерал цогидазги. -ГIумруялъул нухлул тIоцересел галаби тIамулелъул дида хъат чIварал,хъущтIизе, таризе дун течIел чIахIиял гьалмагъзабазе, диргун пишацоязе даимго налъулай йиго дун…
Гьелъги батила жакъа 20 сонилаб хIалбихьи бугей педагог Хадижат Дибировалъ жиндирго хIалбихьиги гIахьал гьабулеб гIолохъанал учительзабазе.
-Хадижат ТIалхIатовна аскIой йикIинчIеяни, лъаларо дир педагоглъиялъул щиб ккезе букIарабали,-ян бицунеб буго авар мацIалъул гIолохъанай мугIалим **Загьра ГIисакъовалъ**.-Жиндиргоги заман ва рес гьечIониги,гьелъ гьоркьоса къотIичIого дир рахъ ккола, пайдаял малъа-хъваял гьарула, лъалареб бичIчIизе,захIматаб босизе кумек гьабула. РакIракIалъулаб баркала гьелъие дир рахъалдаса…
Дир пикру ккана Х.Дибировалъул хIакъалъулъ цIалдохъабазул эбел- инсудаги гьикъардизе.
Ва битIахъе рухIдаллъун хутIана киназулго гьелде бугеб рекIел хинлъиги, хIасратаб рокьиги, кIудияб адаб-хIурматги бихьараб мехалда.
РагIи кьелин гьезул цо-цоязе.

**ГIайшат НурмухIамадова:**
-Дир кIиго лъимер цIалана Хадижатида цебе, гьале лъабабилебги гIолеб буго. Инша Аллагь гьебги кьела гьелъухъего.. Къокъго абуни, Аллагьас мугIалимлъиялъе бергьун кIудияб гьунар кьурай, талихIай гIадан йиго нижер Хадижат ТIалхIатовна.

**ПатIимат ХIусенова:**
-ЦIакъ сабруяй, жавабияй педагог йиго гьей. Нагагь цIалдохъан нахъе кколев вугони,гьей дарсаздаса хадуй чIола гьевгун , малъула лъалареб, бичIчIизабула бичIчIичIеб.

**ПатIимат ГIумарова:**
Бищунго дие Хадижат ТIалхIатовналъулъ бокьулеб хасият- киданиги батIа гьабуларо гьелъ лъимер, гьелъие киналго ращадго рокьула.
Ахиралда рехсела школалъул цIияв директор **ГIиса Камиловичас** педагогалъул рахъалъ абурал рагIабиги:
-Аллагьасго педагоглъиялъе йижарай гIадан йиго Хадижат ТIалхIатовна. ТIадкъараб ишалъе ритIухъай, цIалдохъабазул хадубккунисеб букIинеселъул, гьезул къисматалъул жавабчилъи бичIчIуней мугIалим йиго. ГIадада гуро эбел-инсуца жиндирго лъимал гьелъухъе ккезаризе хIаракат бахъулеб. Школалда гьарулел киналго ишазулъ, общественнияб гIумруялъулъ хIаракатаб позицияги букIуна кидаго…
Гьел рукIинчIо журналистасда Хадижат Дибирова ялъуни живго берцин рихьизе лъун нухмалъулес абулел рецц-бакъалъул рагIаби. Гьеб букIана рекIелъан чвахун бачIунеб чIухIиялъулги разилъиялъулги калам…
***Хадижат, бице педагогасулъ кинаб аслияб хасият букIине кколеб, дур пикруялда? -йилан гьикъана дица гьелда.***
Щибниги ургъичIого, бачIинахъего гьединаб жаваб кьуна гьелъ дир суалалъе:
-Педагогасе бищунго аслияб ва чара гьечIеб масъалалъун ккола щивав цIалдохъанасулгун гIаммаб мацI бати, щивасул рекIелъе нух бахъи. Щивниги лъидасаго ватIа гьавичIого, вугеб хIалалъ щивав цIалдохъанги къабул гьавун!
Гьел рагIабазде тIаде жубазе яги тIаса бахъизе жо дида лъаларо хIакъикъаталдаги.

**Рокъоб роцIцIун бугони , …**

-Дир инсуцаги мунагьал чураяй эбелалъги ниж щуязулъго,цо васасулъги ункъо ясалъулъги, гьитIинаб къоялдасаго лъуна лъикIлъиялде,гIаданлъиялде, гIадамал рокьиялде,кIудиязул адаб,гьитIиназул тIалаб-агъаз гьабиялде ишан ккураб къучI. Гьеб нижелъги щулалъана **тIолабго гIумруялъего,**-йилан ракIалде щвезабулеб буго разракиго Хадижатица.-Къисмат букIун батилаха нижер гьединаб, хеккого эбелалдасаги ратIалъун, дунялалъул канлъиги хинлъиги нижее мукъсанлъана. Амма нижер щивас бетIер кьулула нижеда эбелалъул бакIаб ками лъазе течIев,жиндирго талихIалда нижер талихI цебе ккурав, эбеллъиги эменлъиги нижее гьабурав гьайбатав инсуе!
Гьеб параялъ Хадижатил берзда ххулана пашманлъиялъулги рохалилги асар жубараб магIу. Ва кIвечIо тIаде цониги рагIи абизе.
Пашманлъи букIана рухIгIан хирияй эбелалдаса гьитIинго ратIалъиялъул,бесдал хутIиялъул…
Рохел абуни,бесдаллъи лъазе течIев инсул яхIалдасаги,намус алдасаги,бихьинчилъиялдасаги.
Эбел-инсуца жидеего **гIадаб** лъайги лъикIаб тарбияги кьолеб буго жакъа Хадижатицаги гьелъул **гIумрудул** гьалмагъ Рашидицаги лъималазеги.
Гьезул буго кIиго лъимер,II классалда **цIалулей** ГIайшатги 5 классалда **цIалулей ПатIиматги**. ЛъикIаб **цIалиги буго** ясазул,берцинаб хьвадачIвадиги буго.
-Аллагьасе рецц буго, дун рази йиго дирго художник Рашидидасаги,нижерго ясаздасаги, тIаде щвараб **ЦIияб** соналдасаги,-йилан ельана Хадижат.-Рес букIаго ракIракIалъ баркизе бокьун буго киназдаго **ЦIияб сон.** Баракатаб, рохел гьарзаяб,ракълилаб батаги киназего гьеб!



# БАХЬИКЪОС

## Никто не герой, перед женой...

**Районалъул руччабазде**
**Халитазул(подкаблучники) обществоялъул председателасул**
***<u>ЦIиябсонилаб Барки-хитIаб</u>***



ХIурматиял КIудиял!
Гъале гирана иргадулаб,нижеца нужее рухI кьун хъулухъги адаб-хатирги гъабураб,хинаб хIеренаб мацI бицун свакараб,саяхъаб гIамал бахчун хьвадизе къеркьараб цойги сон!

Гъай-гъай , бажаричIо, кIвечIо дидаги дир рикIкIен гIемерал тIанчIаздаги тIубараб объемалда нужер уважение гъабизе, абухъего , хъатинир лъун хьихьизе.



Амма,нуж божаха , Хириял палавинаби, дир пуланал,пакъирал халитаз цо параялъги рекIелъа биччачIо «Никто не герой перед женой» абураб къиматаб калима.

Хириял лъудби, басрияб соналда цадахъ тарихалле ун ратаги нижер цо-цоязул рахъалдаса рукIарал косякал, макраби, хIиллаби, хIалихьатал пишаби.

Щибаб рехъалъ букIуна цо-цо сахъатаб чахъу, гьелъухъего, Халитазда гьоркьорги рукIун ратила саяхъал, тIубараб лъагIелалъ къавулъе руссунарел, рукъ-къоно рихарал ханыгаби.Нуж тIаса лъугьа гьездасаги гьезие гIадлу гьабизе кIвечIев дидасаги. Дунги маххул гурелъул бащдаб гIасруялъ гьаб бакIаб раччи кIигъуждузда бегун бугев!

Ин ша Аллагь, ЦIияб соналъ гьелги хисила,хасел арабго,тIегь-херги баккила нужее сайгъат гьабизе, саяхълъиги дагьлъила дир тIанчIазулъ.

Гьеб букIина хаду-хадуб, жакъайин абуни, ракI-ракIалъ баркизе бокьун буго нужеда,хIурматиял КIудиял, тIаде щвараб 20I6 сон!

Баракатаб, нуж нижедаса разияб, ниж нужее ракIалъги,кIалалъги, нусабго лагаялъги мукIураб батаги гьеб!

Нужедехун жеги цIикIкIараб хIеренлъиги, хIалимлъиги, уважениеги бижаги нижелъ!

СогIлъи, хъачIлъи, данде хъетIей, малълъараб гьабунгутIи гIадал негативний жалаздаса Аллагьас рикIкIад гьареги ниж! Аминь!

Ахиралда личний гьари-хитIаб гьабулеб буго дирго Халитазде.

Вореха, диниял чагIаз рицунел чарал харбазда хадурги лъугьун, руччабазе хеллоуинал гьариларин, елкаби лъеларин, ЦIияб сон жужахIалъул цIагIанги хIарамаб бугин гогьдаризе лъугьунге!

Диниял чагIаз цIунизе гьечIелъул нуж тIубараб лъагIелалъ лъудбузул бухIараб цIалалдасаги цIадулаб мацIалдасаги.

ЦIикIкIун гирляндал ххе гъотIода, кьер-кьерал шараз цIезабе сверухълъи, саламатал сайгъатал хIадуре хIурматиял КIудиязе, кIотинегIан гьечIониги, бокалал цIун, цIорораб щампански тIе гьезие, тIаса бищун!

Воре кIочонге витаминал, тортал-тIад руччабазул цIаралги хъван, пирогал, салатал.

Санитарни состояниеги нилъедейин кколеб Новогодни каникулазго.

Корочи говоря, керентурадал роха-хинлъуледухъ ва нилъго гьезие рихунаредухъ рохел гIуцIе щибаб цIаракиялда .

Бищунго аслияб жо кIоченехъин букIана: кIванагIан цIикIкIун кьвагьде гьеб сордоялъ, свакан тату хвезегIан салютал риччай руччабазул честалда зодоре!



ЧIахъаги Руччаби, чIахъаги даим гьезие хъулухъалда рахъун чIарал нилъ - МихъалхIуладал!

**ХIаким Зелимов,**
**Халитазул обществоялъул председатель,**
**гIагараб Зиловеги гочун руччабазе хъулухъ гьабун чIарав вацIцIадав муъминчи.**

## ЦIИЯБ СОНАЛЪУЛ ГЬУЖУМ!

***Чанго соналъ редакциялъул хIалтIухъабазул налъи кьоларого кьварун чIарав Гъагъалъа ГIалиде***




Дур тухум бохаяв, хороша ГIали
Гьаб налъи кьолареб кьогIаб гIамал щиб?
Кьибил щулалъаяв Камалил Башир
Батулареб щай дур ясазе рагIи?

Рии чанги ана, ГIандийскиясе
Сахаб чахъу кьелин кIалъаралдаса,
Хаселал гирана гургур хъвелилан
Гургинал ясазе гьимаралдаса



Вай дур ракI бохаяв, чалухбег ГIали
Чан рехъендай гIураб доб чахьдал гьанже,
Гьанал рукъзал цIеяв Мусаласул вас
Мусудузе шашликI кида бежилеб?

Лъалароха,гьудул, харбалги руго,
РахатIе дур маршрут цIикIкIунеб бугин,
Цо цIакъай меседо йосизе гIоло
Инсул рукъ бухIизе мун хIадур вугин

Гьаб къваридаб заман улкаялдаго
Дур гьеб керталдаги кризис батила,
Нагагь рес гьечIони, расги хIинкъуге
ХIалкIолесде тIамун тела дур налъи!

## ЦIияб соналъул малъа-хъвай

***Голохъанчи ручник цIай,***
***ЦIодорго хьваде гьудул,***
***Гьел гьагал фикрабазда***
***Газги мерхьун хьвадуге.***
***Гьаваялъул бакги цIун,***
***Рокьуца рульги тирун,***
***Теролев кинав гьалмагъ,***
***Гьалдолаго маторгун.***
***Дур гьалагаб гьаваялъ***
***Боркьун бакараб машин,***
***Лъил къадалда тункундай***
***Ремонталде реххила,***
***Рокьул карданги тирун***
***Гирулел гьелъул гьакал,***
***Лъил зазалги мерхьундай***
***Цо квешаб сас бахъина???***



**НАГОРНИ ДАГЕСТАНАЛЪУЛ ВУК1ИНЕСЕВ ТАМАДА, ТАМАНЧА БОКАЛАЛДЕ ХИСАРАВ ПОЛКОВНИК КАМИЛ ОРДАШЕВАСДЕ**

Дуца органазе сайгъат гьабурал
Г1емерал саназда рак1
бух1ун буго,
Гьеб цо дур пагьмугун,
пасих1аб мац1гун
Моц1алъ ххелароан дица погонал

Роц1ц1араб пикругун
бац1ц1адаб юмор-
Рожденный тамада т1адмаг1арухъ мун,
Т!езеги, ц1езеги, лъезеги лъалев
Щай дуй полиция ,
гьалмагъ полковник!



# КЪОХЪОБЕР



## Ц1ИЯБ СОНАЛЪУЛ САРИНАЛ

**Районалъул ц1иял басриял боссал Мух1амад Патх1улаевасде ва Ах1мад Мух1амадовасде**



Мугьамадги Агьмадги
Бергьана рищиязда,
Шадралги андиселги
Рахана гьанже чоде.

Чорхолъ сих1ирлъи «гьеч1еб»
К1иябго росдал къавмалъ,
Къакъала щуго соналъ
Щущаяб нилъер бюджет!

**Районалъул бетIерасул заместитель, социалияб блокалъул жаваб кьолев ГIабдулмутIалибиде**

Чвахунеб, къун унеб
Къойилго лъимги,
Ссун – бакун, ссун бакун,
ХIубазда токги.

Тахида хан гIадин,
Кабинеталъув
Гьеб кинабгоялъул
Куратор мунги



**Районалъул бетIерасул заместитель, тIолабго информация хъатикь ккурав хъумур ГIабдулдибириде**

Валлагь, Назирович, мун гуревани,
Макьу телароан дол террористаз,
Дур толковый бетIер букIинчIебани,
Безопасносталъул ращот ккелаан!




**Халкъияб собраниялъул босс, районалъул бетIерасул кваранаб квер МухIамаднаби ГIумаровасде**

Вай, дир гьудул начпоч,
Дир гьудул начпоч.
Нахъеги тIамуна
Мун тIалъиялде,

ТIолго бюджеталъул,
Буголъиялъул
Щвела дуе доля
ВукIине лъани !




**Лъимадул гIадаб ракIалъул сахав инсан, районалъул бетIерасул заместитель, росдал магIишаталъул жаваб кьолев ЖабрагIил Завурбеговасде**

Министерство Добра дуеги рагьун,
Дур замлъун вукIине бокьилаан дий,
ЛъикIлъиги, рокьиги рекIелъ щущараб
Анищаб идара букIинаан гьеб

Амма, Завурбегов, заман батIияб,
Риди тIаде ккараб, тIорахь гъанкъараб
Мунги заманалъул загIипаб жертва
ГIи-боцIи рикIкIунев, гьезего гьеч1еб!

**Пока вацIцIадго хIалтIулев, кутакалда хIалимав прокурорасул помощник ГIазиз ГIазизовасде**

Рищват босуларев, рищват кьоларев,
Помощникин абун цо вали вуго,
Я жиндие гурев, я чидай гурев,
Чиновник ваккана маргьудалъ гIадав!

Идараялдаса тел бачIун буго,
Гьев чи мажгиталде ЧIугIлив витIеян,
Муфти кIалъан вуго Генпрокурорасухъ,
Мунагь гьечIев ГIазиз жидей тейилан

***Гьесдасаги вацIцIадав, гьесдасаги камилав, Камалил Баширилан руччабаца цIар чIварав миграционнияб хъулухъалъул шеф Шагьрудин ХIайдарбеговасде***

Цо малаик вуго миграциялда,
Гъурущ босуларо гъаримас лишний,
Эмен батIа хучIи, вац батIа хучIи
БитIараб нухдаса хьвадула пулан



Районалда вугев кIиявго вали
КIудиял росабалъ ритIизе ккола:
Шагьрудин- дибирлъун ансадерие,
Будунлъи гьабизе ГIазиз ЧIугIливе

**ЦIар рагIарав хирург, гьанже райбольницаялъул цIияв бетIерав тохтур МухIамадкамил Шагьрудиновасде**

*Танкал идараялъ конкурсги*
*гIуцIун,*
*Танк гIадин рехана*
*тахбакIиде мун,*
*Хирургасул чалта*
*чантинибги лъун,*
*КIарчанаб хIакимлъи*
*босана кодоб*
*Унтараб больница сах гьабиялъе*



*Сабаблъун*
*ватаги,*
*товарищ*
*доктор,*
*Соназ*
*данделъарал*
*гIузрабазе, мун,*
*Дарманлъун*
*лъугьаги,*
*МухIамадкамил!*

## ДОБРЫЙ ВЕЧЕР, ЖАМАЛ АЛХАСОВИЧ!

*Щибаб радал, хIалтIуде вачIунев районалъул прокурор Жамал ЖабрагIиловасда дандчIвалев вукIун вуго, гьаниб цIар рехсезе ц1акъ санаг1алъи гьечIев, цо рищватал хирияв чиновник.*

*Чагурилавин телин.*

*Ва дандчIванщинахъе, сихIирго михъилъеги гьимун, гьес кутакалда хIалимго, хIеренго , хIасратго абулеб букIун буго:*

*-Добрый вечер!-Жамал Алхасович,- илан.*



*-Добрый день, Чагурилав, добрый,- абун жаваб кьолеб букIун буго, гьасда сордоги къоги къосараб къагIидайилан ракIалде ккарав законалъул хъаравуласги.*

*Къалъудаги ваккун вачIунев вукIун вуго Чагурилав, битIахъе багIарбакъ гIадин, обедалъе унев прокурорасде данде, добго жиндирго добрый вечерги бачун.*

*Цинги бакъанидаги добго адаб-хатир, добго «нечараб» гьими ва добго ругьунаб добрый вечер, Алхасович.*

*Алхасовичги маххул чи гурелъул, чIалгIун буго гьасда рищватчияс щибаб къоялъ къад кьолеб добрый вечерги хIеренаб …вичги.*

*Цо къоялъ ав пуланасул пикру ккун буго рехсараб положение хирияй половинаялда дандбазе, ай КIудиялъул мнение цIехезе.*

*- Гьадав халкъалдаго цIар арав цIогьор Чагурилас щибаб къойил къад дие добрый вечер кьеялъе гIилла лъаларого вуго дун гьаб ахираб чанго моцIалъ. Дуда кин кколеб?*

*- Дида я утро, лъаларо, я вечер лъаларо. Дур бацIцIадаб зарплатаялде бадийгиялагьун, ункъолъимадуйлъикIаланго захIматго бетIербахъи гьабулей гIадан йиго дун. Дурго Чагурилавгун сами разберитесь!-илан мекъдарун йиго домашний прокурор районный прокурорасдаехун.*

*ПалхIасил, прокурорасул половина гьасул Чагуриласде регIун гьечIоан.*

*ТIасияб къоялъги ваккун вачIун вуго эмехвад нухде ва, часги ккун, долго рагIаби абун руго.*

*Ццим бахъун буго рокъобги поддержка щвечIев, даимго спокойный прокурорасул.*

*-ХIурматияв Чагурилав, дидаги дир вугевщинасдаги (он имел ввиду жену!) бичIчIулеб гьечIоха гьаб къалъ-къалъараб къад заманалда гьоркьоса къотIичIого добрый вечер щай дуца дида абулебали?-ян хIалуцун вуго Алхасович.*

*-ХIурмат тIадегIанав Жамал Алхасович,- илан вукIкI-вукIкIун, гьитIинлъун, тIеренлъун ун вуго рищватчи. -Дуца гIайибги гьабуге, дида гьаб къад заман букIинги лъала, зрениеги бацIил гIадаб буго, амма мун вихьанщинахъе дида цебе чIегIерлъун уна дунял, гьелъ абула дица Добрый вечиринги!*

*Гьале бащдаб лъагIел унеб буго гьев кIиявго чиясул сордоги къоги бат1а бахъизе кIоларого.*

*КигIан берда цебе дунял чIегIерлъаниги, щвараб жо босулев, босулев Чагурилавги вуго, щибдай законалда гьесие гьабизе кIоладайилан ургъулев, ургъулев Жамал Алхасовичги вуго. Кколеб тIиригиг хисиги гьечIо! ГIурусаз абухъе, собака лает, караван идет,!*

# «Кинаб букIараб араб сон»?

## АхIмад Асламханов,

**Больъихь нухазулгун эксплуатациялъулаб предприятиялъул Генералияв директор**

*Аллагьасдасан кириги, гIадамазул баркалаги щолеб хIалтIи буго дорожниказул дурусго, рацIцIадго, нухлулал разияб куцалда хIалтIизе лъани ва кIвараб хIаракат бахьани.*



*Абизе бегьула диеги дица нухмалъи гьабулеб коллективалъеги квешаб букIинчIин араб сон.*

*РакIалда рукIарал, хIисабалде росарал суалал, масъалаби аслияб куцалда гIумруялде рахьинаруна, нухазул рахьалъ гIадамал рази гьечIеб ахIвал-хIал цониги росулъ букIинчIо ва жакъаги гьечIо.*

*Рецц Аллагьасе лъиениги квалквал, квекIен, авариял, квешал нухазда бан. Гьеб рохел буго нижее, гьелдаса разилъиялъул, чIухIиялъул асар букIуна рекIелъ.*

*Бицине гIадаб лъугьа-бахьин щибха араб соналда дир гIумруялъулъ букIараб?*

*Гьавуна васасе вас, вижана цIияв инсан бакъулаб дунялалда.*

*ТалихIалъ ккечIо гIагарлъиялда жаниб ками-хвел.*

*РакI-ракIалъ ЦIияб сонги районалъул тIолалго гIадамазда баркулаго, дица кинազего гьарула сахлъи, рохел, аваданлъи, рокьоб баракат ва рахIмат.*

*Биччанте, тIаде щвараб сон букIине щивасе балагьаздаса, квешлъабаздаса Аллагьас цIунараб, лъикIал ишазде, цIия-цIиял бергьенлъабазде ишан босараб!*

## Суайбат Баширова,

**БСШ №1 гьоркьохъеб школалъул 5 «г» классалъул цIалдохъан**

Араб сон дие букIана талихIаб, рохалилаб, киналго гIадамазего гIадаб, ракълилаб.

ЦIалул рахьалъги ккана хиса-басиял: 4-абилеб классалда йикIана цо учительница,нижее киназего йокьулей - Хадижат ТIалхIатовна, гьанже цIиял учительзаби рачIана, цIиял захIматал предметал раккана,хасго история. Амма хисичIо къиматал,киналго предметазе щуйилал руго дир щуабилеб классалдаги.



Хасго бокьула математика, авар мацI, гIурус литература.

Бищунго ракIалда чIараб лъугьа-бахьин дие букIана эбелгун цадахъ риидал МахIачхъалаялде ин. Дун щванщинал бакIал бицани, рухIдаллъизе руго нуж дида.

Ана парказда тира - сверизе, каруселазда рекIана, Каспи ральдахъе щвана. «Теремок» кафеялда обед гьабуна эбелгун.

Бищунго йохана дирго хирияв поэт Расул ХIамзатовасул памятникалде аскIое щведал. КIудияб асар гьабуна дие гьелъ.

ЦIияб сон баркизе бокьун буго тIоцебе эбелалда, цинги дирго рокьулел учительзаби Хадижат ТIалхIатовналда, МухIамадкамил Абакаровичасда, Хадижат ГIабдулмуслимовналда, классцоязда ва киналго лъикIал гIадамазда!

ЦIияб соналъ дица киназего гьарула талихI, бищунго аслиябсахлъи. Риччанте киналго гIадамал киданиги унтичIого рукIине! Эбелалъе гьарула сахлъи, талихI, хIалтIулъ бергьенлъаби.

ГIарац гьариларо,гьеб жо аслияб гуро гIумрудулъ. Дида гьедин ккола, лъаларо.

## СалихIат ДАМАДАНОВА,

**Социалияб хьулухь гьабиялъул централъул отделалъул заведующая.**

*-Кинаблъун дуе букIараб араб 2015 сон?*

**-ГIадатияб гIумруялда ва гIодоб биччараб лахIзаталда кьокьана гьаб сон. АлхIамдуллилагь рагьул кьогIлъи бихьичIо. Бихьаразда тIаса босун унебги батаги.**



*-Бищунго ракIалда чIараб хIужжа кинаб букIараб дуе араб соналда?*

**-Бищунго дие ракIалда чIараб хIужжалъун ккана гьаб коллективалда цадахъ хIалтIула йикIин ва гьелдаса буго дие кIудияб рохелги.**

*-ТIаде щолеб ЦIияб 2016 сонги баркулаго районалъул гIадамазе щиб гьаризе бокьилеб?*

**-Цадахъ хIалтIулезе гьарула хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби, лъикIаб мухь, сахлъи, анищал тIурай. Нижер цIобалде ккаразе щулияб сахлъиги щибаб къоялдаса рохелги.**

**Районалъул ва Дагъистаналъул гIадамазе рекъел ва цебетIей! Россиялъего гьарула кризис тIаса айгийилан ва В. Путинил нухмалъиялда гьоркь гучаб пачалихъалъун лъугьайгиян.**

## МухIамадкамил Ордашев,

**МФЦялъул Больъихь бугеб филиалалъул директор**

Дие араб сон букIана дирго хIалтIулаб хIаракатчилъиялъулъ хиси ккараблъун.

25 соналъ жанисел ишазул органаздаги хIалтIун, дун ана пенсиялде, амма хIалхьизе заманги ресги ккечIо.Конкурсалдаги бергьун, дун вачIана МФЦялде.



Халкъалъе кинабго рахьалдасан хьулухь, кумек, квербакъи гьабизе рагьараб рехсараб цIияб идараялда хIалтIизе, гIадамазе пайдаявлъун вукIине щвей дица рикIкIуна кIудияб талихIлъун.

БатIи-батIиял идарабазде хьвадун, нервабиги заманги хвезабун ракIарулел рукIарал гIемерал справкаби, документал гьанже, щибго гIакъуба-кьварилъи, захIмалъи бихьичIого, нижер гьаниса щвезе рес буго.

РакIалда чIарал лъугьа-бахьинал, гьай-гьай, рукIана, амма бищунго ракIалда чIана дир лъималазе васги ягги гьари.

Ракьалде цIияв инсан вачIиналдаса кIудияб рохел щибха букIинеб дунялалъул рокьоб?!

Щиб дица гьарилеб районалъул гIадамазе, гIагарлъиялъе, гьудулгьалмагъзабазе, лъале-хъвалезе?

ЛъикIаб ракълилаб гIумру, бацIцIадаб роцIцIараб зоб, заманаялъулал захIмалъаби къезаризе къуват, таваккал, рокьоб хьизаназе талихI, икъбал, баракат.

Киналго квешлъаби басрияб соналда хутIаги, сахал ишаздалъун бечедаб батаги ЦIияб 2016-абилеб сон!

## Загьра АСАДУЛАЕВА,

**Райбольницаялъул лъималазул отделениялъул заведующая.**



-Загьра,кинабха букIараб дуе араб сон?

*-Араб сон дие букIана кинабго рахьалъа икъбал бугеблъун, къварилъи-балагьаздасан цIунараблъун.*

*-Щибха дуе бищунго ракIалда чIараб басрияб соналъ?*

*Бищунго ракIалда чIараб хIужжалъунги дие букIана араб соналда, цересел соназда дандеккун, гIисинал лъимал унтиялъул хIужжаби дагьал рукIин.*

**-ТIаде щолеб ЦIияб 2016 сон баркулаго районалъул гIадамазе щиб гьаризе бокьилеб?**

*-Гьаб тIаде щолеб ЦIияб 2016 сон батайги Аллагьас нилъее киназего баракат, рахIматгун бачIунеб, къварилъаби рикIкIалъулеб!*

*Гьаб ЦIияб соналда щивасул рокьоб рикъзи гьарзалъаги, рекIелъ иман щулалъаги. Бищунго аслияб сахлъи букIин хIисабалдеги босун, дица нужее киназего гьарула щулияб сахлъи, талихIаб гIумру ва ракълилаб зоб!*

# «Кинаб букIине бокьилеб ЦIияб сон?»

## Заур Муслимов

**Районалъул финансазулаб управлениялъул начальник**

Гьеб тIадегIанаб хъулухъалда хIалтIула вугев соназда жанив гьес живго вихьизавуна тIадкъараб ишалъулъ жавабчилъи бугев, рекIелъ иман, яхI-намус бугев, унго-унгояв магIарул бихьинчиясулъ рукIине кколел лъикIал хасиятал чорхоль рессарав лъикIав инсанлъун.



Гьес тIоцебе жиндасаго, хадуб хIалтIухъабаздаса тIалаб гьабула хIалтIулъ жавабчилъи.

**-Араб 20I5 сон кинаб букIараб дуе?**

-ГIумрудулъ ккарал хиса-басиязул рахъальги, хIалтIул рахъальги араб сон дие талихIаблъун, ракIалда ругел мурадал тIурараблъун букIана.

Районалъул финансовияб управлениялъул хIалтIухъабазул аслияб масъалалъун ккола районалъул учреждениязулгун организациязул хIалтIухъабазе кватIизе биччачIого, жиндир заманаялъ харжал чIезари. Гьеб масъала нижеца I00 проценталъ тIубана.

**-Бищунго ракIалда чIараб хIужжа кинаб букIараб араб 20I5 соналда?**

-Бищунго ракIалда чIараб хIужжалъун дие букIана МухIаммад аварагасул (с.т.гI.в.) асарал нилъер районалъул Инхело росдал мажгиталъуре рачIин.

**-ТIаде щолеб ЦIияб сонги баркулаго районалъул гIадамазе щиб гьаризе бокьилеб?**

-Районалъул гIадамазда тIаде щолеб ЦIияб 20I6 сонги ракI-ракIальго баркулаго, дица гьезие киназего гьарула щулияб сахлъи, талихIаб гIумру, лъималаздаса рохел, гьарзалъи ва ракълилаб зоб!

Биччанте, Аллагьас тIаде щвараб ЦIияб 20I6 сон нилъее киназего батизе баракатаблъун, къварилъи-балагьаздасан цIунараблъун.

## Шарузат ДарбишхIажиева,

**т1адеги лъай кьеялъул районалъулаб Центральул педагог-хореограф**

Гьале боржун ана цойги сон, бегана дир г1умруялъул иргадулаб т1амач!

Щибха бук1араб бицине рекъараб, г1адамазул пикру буссинабизе бегьулеб г1адаб жо араб соналъ?



Аслияб жо, рагъ-кьал Россиялда, Дагъистаналда ккеч1о.

Ц1ияв нухмалъулесул бажариялдалъун дагълъана республикаялда ч1вай-хъвеял, гьармагъирал.

Культураялде, искусствоялде, рух1ияб рахъалде ц1ик1к1ун к1вар кьезе байбихьана ахираб заманалда. Педагог-хореограф х1исабалда дун гьелдаса ехана.

Араб соналъ хас гьабун рак1алда ч1араб, дир г1умруялъулъ лъалк1 тараб лъугьа-бахьин бук1анин абизе к1оларо. Амма рази хут1ана дицаго гьабулеб х1алт1удасаги,дирго г1исинал кьурдухъабаздасаги. Бук1ана цо рак1алда хут1араб сапарги Хьаргаби росулъе, искусствалъул школа рагьулеб тадбиралде.

Гьениб нижер «Испанки» абураб къукъаялъул церерахъиналъе кутакалда лъик1аб къимат кьуна зрителазги специалистазги. Хасго бокьун бугоан нижер кьурди Кабардино-Балкариялдаса махщелчаг1азе.Гьезул т1адч1араб гьариялда рекъон нижеца 2 январалъ сапар бухьине буго Нальчикалде ва г1ахьаллъи гьабизе буго халкъазда гьоркьосеб конкурсалда. Хьул буго ниж гьениса бергьенлъигун т1ад руссинин.

Ц1ияб соналъ баркаталъ, рах1маталъ ц1еги нилъер щивасул рукъ!

Икъбалалъ,талих1алъ,рохелалъ,нилъее рак1-рак1алъ рокьулел чаг1аз къвал байги нилъеда!

## Саният Саидова,

***Районалъул культураялъул отделалъул хIалтIухъан, хормейстер.***

**-Араб 2015 сон кинаб дуе букIараб?**

Араб сон дие талихIаб, битIккараблъун букIана. Гьеб букIана къварилъи-балагьаздасан цIунараблъун.



**-Араб соналда бищунго ракIалда чIараб хIужжа дуе кинаб букIараб?**

-Араб соналда бищунго дида ракIалда чIараб хIужжалъун ккана Рязаналда военно-воздушнияб училищалъул 2 курсалда цIалула вугеб васасе лъикIаб тарбия кьуралъухъ, командирасул рахъалъа баркалаялъул кагъаталъе дунго мустахIикълъи. Гьединго дун йохизаюна «ДРялъул экологиялъул ва тIабигIаталъул ресурсазул министр Н. Карачевасул рахъалъа «ХIурматияб грамотаялъе» дирго яс мустахIикълъиялъ.

**-ТIаде щолеб ЦIияб 2016 сон баркулаго, районалъул гIадамазе щиб гьаризе бокьилеб?**

-ТIаде щолеб ЦIияб 2016 сонги баркулаго дица районалъул гIадамазе гьарула лъималаздаса рохел, рекIел мурадал тIурай, щулияб сахлъи, хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби ва ракълилаб зоб!

## Болач Болачов,

***ФОМСалъул хIалтIухъан***

Къо-мех лъикI гьабуна нилъеца цойгиги лъагIелгун.



ЛъикIаб букIана араб сон рагъ-кьал гьечIолъиялъ Россиялдаги Дагъистаналдаги. А мма дунялалдаго босани,расги лъикIаб ахIал-хIал гьечIо.Хасго Сириялда,Украиналда ва цогидалги пачалихъазда. Гьединлъидал экономикияб ахIвал-хIалги беццизе гIадаб букIинчIо араб соналъги. Амма , сундухъ балагьичIого, нухда лъуна нилъеца гьеб. ТIолалго гIунгутIаби, квалквалал,квешал пишаби басрияб соналъеги тун, цIия-цIиял бергьенлъабазде ишангун, лъикIал, пайдаял ишазде хьулгун,лъугьана нижер ФОМСалъул хIалтIухъабиги ЦIияб соналде жанире.

Араб соналъ хас гьабун дир гIумруялъулъ букIараб ракIалда чIараб лъугьа-бахьин рехсани,гьай-гьай,гьеб ккола нижер гIолохъанаб хьизаналда тIоцебесеб лъимер, ай вас гьави.

Нижер Мирзалазул тухумалда вижана цойгиги бихьинчи.

Кинав инсуе бокьилареб жиндирго ирсилав вукIине?!

Районалъул тIолалго гIадамазда дица ракI-ракIалъ баркулеб буго тIаде щвараб ЦIияб сон,гьарулеб буго гьезул щивасе тIоцебесеб иргаялда щулияб сахлъи,халатаб гIумру, гьабулебщиналъулъ икьбал ва битIккей!

Васазе гьарула къвакIи,къуркьи гьечIолъи,ясзе гьарула магIарул намус. Поэтас абухъе,берцинаб гьурмада дагьабго нечей!

Биччанте рагъ-кьал нилъедаса рикIкIалъараб, рохел-аваданлъи гьарзаяб ,щивасул рекIел мурадал тIуралеб букIине исанасеб сон!

# АРАБ СОНАЛЪУЛ ЛАХІЗАТАЛ...



**БетIерав редактор** ГI. ГIумаханов